NYC Health

# PrEP

## Anpeche VIH

# PrEP = pwofilaksi pre-ekspozisyon

PrEP se yon medikaman ki san danje epi ki efikas ki anpeche VIH. PrEP ka pwoteje nenpòt moun ki ka ekspoze a VIH.

## Gen twa fason pou pran PrEP:

Konprime chak jou

Pran yon konprime PrEP chak jou.

Enjeksyon

Pran yon enjeksyon PrEP chak de oswa sis mwa.

Sou demann

Pou gason ki nan relasyon seksyèl ak lòt gason: Pran konprime PrEP sèlman avan epi apre sèks.

Adolesan ka pran PrEP san pèmisyon yon paran oswa yon gadyen legal.

## PrEP Kotidyen

Pran yon konprime yon fwa pa jou, menm nan jou lè w pa fè sèks.

Konsilte pwofesyonèl swen sante w la chak twa mwa pou renouvle preskripsyon w lan epi pou fè tès VIH ak tès pou lòt enfeksyon ki seksyèlman transmisib (sexually transmitted infections, STI). Gen kèk pwofesyonèl swen sante ki ofri konsiltasyon nan telefòn oswa atravè apèl videyo.

Medikaman PrEP kotidyen yo se Truvada (oswa mak jenerik li a) ak Descovy.

## PrEP enjektab

Pran enjeksyon Apretude chak de mwa oswa Yeztugo chak sis mwa. Asire w ke ou fè tès regilyèman pou VIH ak STI.

Li enpòtan anpil pou w pa rate okenn enjeksyon ki pwograme. Pale ak pwofesyonèl swen sante w la anvan w sispann PrEP enjektab ou a oswa si w enkyè ke w pral rate yon enjeksyon.

## PrEP sou demann

PrEP sou demann se sèlman pou gason ki nan relasyon seksyèl ak lòt gason ki pou itilize l. Pou itilize PrEP sou demann, pran konprime PrEP yo sèlman avan epi apre sèks:

- 2 konprime 2 a 24 èdtan anvan w fè sèks (premye dòz la)
- 1 konprime 24 èdtan apre premye dòz la
- 1 konprime 48 èdtan apre premye dòz la

Si w kontinye fè sèks, kontinye pran yon konprime chak 24 èdtan jiskaske ou pran de konprime apre dènye fwa ou te fè sèks la.

**PrEP sou demann anpeche VIH pandan sèks anal men moun k ap fè sèks vajinal reseptif pa dwe itilize l.**

**Itilize Truvada (oswa mak jenerik li a) lè w ap pran PrEP sou demann.**

## Kòmanse pran PrEP

Pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki kalifye:

- Ale sou sit NYC Health Map la nan **nyc.gov/health/map**.
- Jwenn yon lokal pou Klinik Sante Seksyèl nan Vil Nouyòk la nan **nyc.gov/health/sexualhealthclinics**.
- Rele **311** pou asistans.

Medicaid ak pifò plan asirans sante yo ta sipoze kouvri PrEP san okenn kopeman. Mande pwofesyonèl swen sante w la oswa famasyen w lan enfòmasyon sou pwogram ki ka ede w peye pou PrEP.

## Rete An Sekirite avèk PrEP

- Pran PrEP jan yo preskri l la pou asire ou gen ase medikaman nan kò w pou anpeche VIH.

- PrEP fè prevansyon sèlman kont VIH. Pou anpeche lòt STI, fè tès regilyèman pou STI epi sèvi ak kapòt. Pale ak pwofesyonèl swen sante w la konsènan doxy PEP (pwofilaksi apre kontak abaz doksisiklin), yon konprime ou pran apre rapò seksyèl pou ede anpeche sèten STI.

**Pou anpeche gwosès, sèvi ak kapòt oswa lòt metòd planin. Ou ka itilize PrEP si w ansent oswa si w ap itilize nenpòt fòm planin oswa terapi abaz òmòn.**

## Kontinye avèk PrEP

Di pwofesyonèl swen sante w la sa si gen nenpòt bagay ki fè sa difisil pou w pran PrEP jan yo preskri l la oswa pou w vini nan randevou w yo. Si ou sispann pran PrEP, sèvi ak kapòt oswa yon lòt metòd pou anpeche VIH.

# PrEP

## Anpeche VIH

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sit **nyc.gov/health/prep** oswa eskàne kòd QR la.

NYC Health

10.25 Haitian Creole